

# **Admisyon nan Lekòl Segondè NYC 2018-2019**

Tout sa w bezwen konnen sou pwogram odisyon pou mizik vokal

## Kontni

1. Kòman pou Itilize Gid sa a
2. Rezime Pwosesis odisyon pou lekòl presegondè
3. Enskripsyon pou odisyon ak eleman kouran ki nan odisyon
4. Kòman pou prepare pou odisyon Mizik vokal
5. Enfòmasyon sou Pwogram lekòl segondè ak odisyon
6. Orè odisyon pèsònèl ou

## Seksyon I- Kòman pou Itilize Gid sa a

Gid sa a la pou ede elèv ak fanmi prepare pou pwosesis odisyon an. Nan gid sa a w ap:

- **Enfòme sou Mizik Vokal.** Kisa pwogram mizik vokal gen ladan? Kisa ou ka atann kòm yon elèv mizik vokal? Gade deskripsyon ki pi ba a pou plis enfòmasyon.
- **Konprann Pwosesis Odisyon an.** Rezime nan paj 2 a pral fè w konnen kisa pou atann nan yon odisyon lekòl segondè.
- **Revize Eleman Kouran Odisyon yo** Lekòl segondè ki patisipe nan eleman kouran odisyon yo pataje menm rekòmasyon odisyon yo. Gid sa a gen ladan eleman kouran odisyon pou pwogram mizik vokal.
- **Prepare pou odisyon yo.** Enfòmasyon sou eleman odisyon yo ak konsèy pou bay tout sa w kapab pandan odisyon an.
- **Fè yon lis pwogram mizik vokal ki enterese w.** Chèche nan lis sa a yon lis konplè lekòl segondè Vil Nouyòk ki ofri pwogram pou ankouraje talan atistik. Itilize seksyon 6 la pou mete pwogram ki sanble bon pou ou epi kòmanse kreye orè odisyon w pou otòn lan.
- **Kreye orè odisyon w.** Revize enfòmasyon sou odisyon ak orè pou chak pwogram pou planifye pwòp kalandriye odisyon w. Pou chak pwogram, gen yon lis bagay pou prepare pou odisyon an ak sa w ap fè nan odisyon an.

### Kisa Mizik vokal ye?

Mizik vokal se mizik yonn oswa plizyè chantè chante, swa ak akonpayman enstriman swa san akonpayman kote chante se prensipal konsantrasyon nan moso a. Elèv mizik vokal yo etidye jeneralman lekti enpwovize, teyori mizik, istwa mizik, repètwa ak teknik vokal epi yo konprann efè sosyal ak kiltirèl mizik. Elèv yo ka pran leson vwa solo chak jou epi y ap patisipe nan gwo ansanb ak kou koral Yo ka gen opòtinite pèfòme pandan tout katran lekòl segondè a.

## Seksyon - Rezime Pwosesis odisyon pou lekòl presegondè

### **Kèk lekòl segondè fè odisyon**

Yon odisyon se yon tip metòd admisyon. Pou yo admèt yo nan kèk pwogram art lekòl segondè, elèv yo dwe montre yo gen kapasite atistik nan yon odisyon. Odisyon se tou yon gwo opòtinite pou elèv yo rankontre ak estaf lekòl la epi poze kesyon sou pwogram yo.

### **Yo atann pou elèv yo prepare ak pèfòme nan yon odisyon**

Sa y ap tann nan odisyon an pral varye dapre pwogram lekòl segondè a. Elèv yo ta dwe revize kritè odisyon lekòl yo pibliye nan anyè lekòl segondè a. Si yon elèv ap fè odisyon pou plizyè pwogram ki konsantre sou menm fòm art la, plizyè eleman odisyon pral menm nan odisyon yo (gade detay pwogram lan nan gid sa a pou jwenn enfòmasyon sou odisyon). Elèv yo ta dwe sonje yo gen dwa pa rive prezante tout bagay yo te prepare pou odisyon an.

### **Se lekòl segondè yo ki fè odisyon yo**

Anjeneral, se responsab ak pwofesè lekòl yo ki fè odisyon yo. Kèk lekòl segondè fè elèv ki nan lekòl la ede akeyi elèv k ap fè odisyon yo ak fanmi yo.

### **Dat, lè arive ak adrès pou odisyon yo ka varye**

Jeneralman, yo fè odisyon yo nan lekòl segondè yo ant oktòb ak janvyè. Gade detay sou pwogram yo nan gid sa a pou konnen orè odisyon yo.

### **Dire odisyon yo ka varye**

Pwosesis odisyon an ka pran 2-3 èdtan oswa plis. Yo ankouraje elèv yo vini avèk yon ti kolasyon lejè ak dlo nan odisyon yo. Fanmi yo pa ta dwe enskri pou odisyon yo nan plizyè lekòl nan menm jou a.

### **Fanmi yo ka tann elèv yo tou pre a**

Souvan, gen yon kote pou paran/responsab tann, piske yo pa otorize rete nan zòn odisyon yo ap fèt la. Paran/Responsab yo ka chwazi ale epi retounen nan bilding lekòl la nenpòt lè. Elèv yo ta dwe kominike ak fanmi yo avan pwosesis odisyon an kòmanse.

### **Admisyon nan pwogram ki gen odisyon**

Pou yo ka konsidere w pou pwogram ki gen odisyon yo, elèv yo dwe mete tou pwogram lan sou Aplikasyon Faz I lekòl segondè yo a. Yo dwe remèt li ba konseye lekòl la 3 desanm 2018 pou pi ta. Elèv yo ap resevwa rezilta Aplikasyon Faz I an an mas.

### **Kesyon sou pwosesis odisyon an**

Gid sa a ap reponn pifò kesyon w yo sou pwosesis odisyon an. Si w gen kesyon espesifik sou odisyon yon lekòl, li pi bon pou rele oswa voye yon imèl dirèkteman ba lekòl la pou jwenn plis enfòmasyon oswa ale sou sitwèb lekòl la.

### **Akomodasyon pou odisyon**

Elèv ki gen Plan edikasyon Endividyèl (individualized education programs, IEPs), Plan 504 ki apwouve ak elèv k ap aprann lang anglè (English Language Learners, ELL) ka resevwa akomodasyon. Elèv yo ta dwe pale avèk konseye lekòl yo pou fè aranjman pou akomodasyon pou odisyon.

### Seksyon 3- Enskripsyon pou Odisyon ak Eleman Kouran ki nan Odisyon

Men kèk vokabilè pi ba a sou pwosesis odisyon an fanmi yo pral bezwen konnen pandan y ap prepare pou odisyon. W ap jwenn tèm sa yo tou nan tablo ki nan seksyon senk gid sa a.

#### **Enskripsyon pou Odisyon**

Yo ka egzije elèv yo pou enskri pou odisyon nan sistèm enskripsyon DOE a oswa nan sitwèb lekòl yo. Yo mete detay sou enskripsyon yo nan gid sa a ak nan anyè lekòl segondè a nan paj odisyon lekòl yo. Lè yo enskri, elèv yo kite responsab lekòl yo konnen y ap patisipe nan odisyon an, ak pou ki pwogram y ap fè odisyon.

#### **Pwogram ki gen Eleman Kouran odisyon**

Gen kèk gwoup lekòl ki gen pwogram ki ofri eleman kouran odisyon; yo gen yon ikòn★ akote non lekòl la nan seksyon senk dokiman sa a. Pwogram sa yo tout pataje menm eleman odisyon. Kidonk, si elèv yo prepare pou yonn, yo gen dwa byen prepare pou odisyon nan yon lòt pwogram k ap patisipe.

#### **Eleman Kouran Odisyon – Pwogram Mizik Vokal**

*Ou ka jwenn enfòmasyon sa a tou nan paj 24 nan Anyè 2019 lekòl segondè Vil Nouyòk la.*

Pèfòme yon chante ou prepare epi pote fèy mizik la nan kle ou. Ou ka jwenn tou chanson yo rekòmande sou sitwèb lekòl la. N ap mande vokalis yo pou yo repete ekspresyon vokal pou yo ka teste rit, memwa ton, ak teknik vokal debaz. Y ap konsidere kapasite pou enkòpore kòmand pwofesè yo bay.

Pwogram yo ka gen diferan“tès” ke yo fè sou plas nan lekòl la, tankou yon entèvyou oswa modèl disasyon si yo mande sa, ki ka afekte fason w prepare. Tanpri li enfòmasyon sou odisyon chak lekòl nan dokiman sa a. Epitou, asire w ale sou sitwèb lekòl la oswa kontakte lekòl la dirèkteman pou konnen detay resan yo.

## Seksyon 4- Kòman pou Pratike pou yon Odisyon Mizik Vokal

### Kòman pou prepare pou odisyon Mizik vokal

#### Chwa ak Pratik Repètwa pou Odisyon w

- Chwazi repètwa a byen avan odisyon an.
- Seleksyone mizik yo ekri espesyalman pou vwa solo w la (pa chwazi mizik kote pati vokal la se amoni pou enstriman ni lòt vwa).
- Seleksyone mizik ki montre fòs talan w. Yon mizik difisil ou chante byen kapab montre kapasite w. Sepandan, lè w chwazi yon chan ki pi fasil pou chante avèk mizikalite solid ak bon entonasyon sa kapab fè menm bon enpresyon an.
- Rekonèt kote ou gen feblès epi pratike yo. Pase tan pou amelyore kapasite w pou w ka pèfòme tout pati nan mòso ou chwazi a avèk menm konpetans.
- Itilize yon akòdè ak yon metwonòm pandan premye etap pratik yo pou ede avèk pa ak ritm.
- Pratike pèfòmans repètwa odisyon w lan devan yon gwoup moun. Mande yo di w sa yo panse sou pèfòmans ou an ak prezantasyon an an jeneral.
- Pratike lekti enpwovize chak jou.

#### Odisyon Vokal

- Prepare omwen de mòso pa kè ki gen estil opoze. Sepandan, yo pa ka mande w chante yon dezyèm chante.
- Chwazi chante nan pwodiksyon komedi mizikal, koleksyon tradisyon amerikan, tradisyon *world-folk*, oswa, melodi **Sonje: Pifò lekòl yo dekouraje pèfòmans seleksyon R&B, Rock, ak Rap pou odisyon an. Verifye sa chak lekòl pi renmen.**
- Prepare pou koòdone son, ritm eko ak melodi moun k ap fè odisyon an mande w fè.
- Prepare w pou chante (*arpeggios, leaps, runs, elatriye*) pou demontre gam vokal ak plasman.

#### Konsèy Jeneral pou Odisyon

- Kontinye menmsi w fè yon erè. Pa fè kòlè Moun k ap bay odisyon an pi enterese pou konnen potansyèl ou.
- Si moun k ap fè odisyon an mande w chanje jan w pèfòme yon pasaj, sa pa vle di ou pa te jwe oswa te chante l byen. Moun k ap fè odisyon an kapab vle wè si w pare pou w resevwa kòmantè oswa fè yon koreksyon.

#### Resous pou Chwazi Repètwa w

- Mande pwofesè mizik ou a pou l ede w lè w ap chwazi repètwa w la Pwofesè w la ka gen manyèl Asosyasyon Lekòl Mizik Eta Nouyòk (New York State School Music Association Manual, Edition 31), yon resous pwofesyonèl pou pwofesè pou pwofesè ak chèf òkès ki gen lis gradye repètwa pou tout tip vwa ak enstriman epi ou ka gade manyèl sa a avèk pwofesè w pou chwazi repètwa w la. Manyèl sa a disponib tou nan kèk bibliyotèk epi ou ka achte yo sou entènèt.
- Ou kapab achte tou patisyon pou repètwa w la sou entènèt oswa nan magazen ki vann enstriman mizik ak patisyon tankou Sam Ash Music, The Guitar Center, oswa Catalano Music. (NYCDOE pa andose okenn magazen anpatikilye. Nou bay egzanp magazen espesifik yo pou rezon enfòmasyon sèlman.)

## Seksyon 5- Enfòmasyon sou Pwogram Lekòl Segondè ak Odisyon

Pi ba a men yon lis lekòl segondè Vil Nouyòk ki ofri pwogram mizik vokal ki egzijè odisyon, tankou orè odisyon ak kritè yo. Non lekòl yo konekte ak sitwèb chak lekòl; non pwogram yo konekte ak paj chak lekòl nan NYC School Finder (<http://schoolfinder.nyc.gov>).

<a href="#">Celia Cruz Bronx High School of Music</a> ★   2780 Reservoir Avenue 10468	BRONX
<b>Pwogram:</b> <a href="#">Mizik Vokal: Koral/Pyano</a>   Paj anyè 76	Kòd: X33B
<p><b>Sa pou prepare pou odisyon an:</b></p> <ul style="list-style-type: none"> <li><input type="checkbox"/> Pwogram sa a gen eleman kouran odisyon (gade seksyon 3 pou detay) ak demand sa yo tou:</li> </ul> <p><b>Sa w ap fè nan odisyon an:</b></p> <ul style="list-style-type: none"> <li><input type="checkbox"/> Vini prepare pou chante san akonpayman yon chante ou chwazi.</li> <li><input type="checkbox"/> Y ap evalye ritm, si ton vwa w ale avèk nòt mizik la <i>pitch-matching</i> ak kapasite pou w byen ajanse vwa w avèk vwa lòt moun lè w ap chante.</li> </ul> <p><b>Dat Odisyon pou 2018-2019:</b> (Enskripsyon <u>pa</u> obligatwa pou odisyon)</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>▪ Madi 6 novanm 2018 a 4pm</li> <li>▪ Samdi 17 novanm 2018 a 9am</li> <li>▪ Mèkredi 5 desanm 2018 a 5pm</li> <li>▪ Samdi 8 desanm 2018 a 9am</li> </ul>	
<a href="#">Fordham High School for the Arts</a> ★   500 East Fordham Road 10458	BRONX
<b>Pwogram:</b> <a href="#">Fordham High School for the Arts</a>   Paj anyè 95	Kòd: X51A
<p><b>Sa pou prepare pou odisyon an:</b></p> <ul style="list-style-type: none"> <li><input type="checkbox"/> Pwogram sa a gen eleman kouran odisyon (gade seksyon 3 pou detay)</li> </ul> <p><b>Dat Odisyon pou 2018-2019:</b> (Enskri pou odisyon sou sitwèb lekòl nou an)</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>▪ Samdi 27 oktòb 2018 a 9am</li> <li>▪ Samdi 17 novanm 2018 a 9am</li> <li>▪ Samdi 1ye desanm 2018 a 9am</li> </ul>	
<a href="#">Theater Arts Production Company School (TaPCO)</a> ★   2225 Webster Avenue 10457	BRONX
<b>Pwogram:</b> <a href="#">Mizik Vokal</a>   Paj anyè 145	Kòd: X20C
<p><b>Sa pou prepare pou odisyon an:</b></p> <ul style="list-style-type: none"> <li><input type="checkbox"/> Pwogram sa a gen eleman kouran odisyon (gade seksyon 3 pou detay) ak demand sa yo tou:</li> </ul> <p><b>Sa w ap fè nan odisyon an:</b></p> <ul style="list-style-type: none"> <li><input type="checkbox"/> Pèfòme yon chanson san akonpayman.</li> <li><input type="checkbox"/> Odisyon an gen ladan travay mizik sou plas kote yo pral evalye orijinalite, ton ak kapasite yon moun pou amonize avèk lòt chantè. Tcheke sitwèb lekòl la (<a href="http://tapconyc.org">tapconyc.org</a>) pou sijesyon.</li> </ul> <p><b>Dat Odisyon pou 2018-2019:</b> (Enskripsyon <u>pa</u> obligatwa pou odisyon)</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>▪ Samdi 20 oktòb 2018 a 1pm</li> <li>▪ Samdi 27 oktòb 2018 a 1pm</li> <li>▪ Samdi 3 novanm 2018 a 1pm</li> <li>▪ Samdi 1ye desanm 2018 a 1pm</li> </ul>	

<a href="#">Brooklyn High School of the Arts</a> ★   345 Dean Street   11217	BROOKLYN
<b>Pwogram:</b> <a href="#">Mizik Vokal</a>   Paj anyè 197	Kòd: K47M
<p><b>Sa pou prepare pou odisyon an:</b></p> <ul style="list-style-type: none"> <li><input type="checkbox"/> Pwogram sa a itilize eleman kouran odisyon (gade seksyon <b>Error! Bookmark not defined.</b> an pou detay)</li> </ul> <p><b>Dat Odisyon pou 2018-2019:</b> (Enskripsyon <u>pa</u> obligatwa pou odisyon)</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>▪ Mèkredi 14 novanm 2018 a 4pm</li> <li>▪ Samdi 17 novanm 2018 a 9am</li> <li>▪ Mèkredi 5 desanm 2018 a 4pm</li> <li>▪ Samdi 8 desanm 2018 a 9am</li> </ul>	
<a href="#">Dr. Susan S. McKinney Secondary School of the Arts</a>   101 Park Avenue   11205	BROOKLYN
<b>Pwogram:</b> <a href="#">Mizik Vokal</a>   Paj anyè 220	Kòd: K42B
<p><b>Sa pou prepare pou odisyon an:</b></p> <ul style="list-style-type: none"> <li><input type="checkbox"/> Elèv yo dwe pèfòme yon chanson (klasik, popilè oswa evanjelik), yon capella.</li> </ul> <p><b>Sa w ap fè nan odisyon an:</b></p> <ul style="list-style-type: none"> <li><input type="checkbox"/> Pèfòme yon chanson.</li> <li><input type="checkbox"/> Y ap teste rit ak memwa ton, ladrès pou enpwovize presizyon ton, sipò souf ak diksyon.</li> </ul> <p><b>Dat Odisyon pou 2018-2019:</b> (Enskripsyon <u>pa</u> obligatwa pou odisyon)</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>▪ Mèkredi 14 novanm 2018 a 3pm</li> <li>▪ Vandredi 16 novanm 2018 a 3pm</li> <li>▪ Samdi 17 novanm 2018 a 10am</li> <li>▪ Madi 27 novanm 2018 a 3pm</li> <li>▪ Vandredi 30 novanm 2018 a 3pm</li> </ul>	
<a href="#">Edward R. Murrow High School</a> ★   1600 Avenue L   11230	BROOKLYN
<b>Pwogram:</b> <a href="#">Mizik Vokal</a>   Paj anyè 227	Kòd: K57J
<p><b>Sa pou prepare pou odisyon an:</b></p> <ul style="list-style-type: none"> <li><input type="checkbox"/> Pwogram sa a gen eleman kouran odisyon (gade seksyon 3 pou detay) ak demand sa yo:</li> <li><input type="checkbox"/> Pou jwenn konsèy sou jan pou chwazi yon moso pou pèfòme nan odisyon yo ale sou <a href="http://www.ermurrowhs.org">www.ermurrowhs.org</a> epi klike sou senbòl mizik la pou wè yon lis chanson yo rekòmande.</li> </ul> <p><b>Sa w ap fè nan odisyon an:</b></p> <ul style="list-style-type: none"> <li><input type="checkbox"/> Pèfòme yon chanson san akonpayman. Elèv yo ka pote patisyon.ic.</li> <li><input type="checkbox"/> Elèv yo pral fè yon evalyasyon aptitud nan mizik (tankou matche ton, chante gam, etc.).</li> </ul> <p><b>Dat Odisyon pou 2018-2019:</b> (<i>Enskri pou odisyon nan men konseye lekòl ou a</i>)</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>▪ Siyati G-I, Samdi 17 novanm 2018 a 8:30am</li> <li>▪ Siyati J-L, Samdi 17 novanm 2018 a 9:30am</li> <li>▪ Siyati A-C, Samdi 17 novanm 2018 a 12:30pm</li> <li>▪ Siyati D-F, Samdi, 17 novanm 2018 a 1:30pm</li> <li>▪ Siyati T-U, Dimanch 2 desanm 2018 a 8:30am</li> <li>▪ Siyati V-Z, Dimanch 2 desanm 2018 a 9:30am</li> <li>▪ Siyati M-S, Dimanch 2 desanm 2018 a 12:30pm</li> </ul>	
<a href="#">Fort Hamilton High School</a> ★   8301 Shore Road   11209	BROOKLYN
<b>Pwogram:</b> <a href="#">Mizik Vokal</a>   Paj anyè 233	Kòd: K17S
<p><b>Sa w ap fè nan odisyon an:</b></p> <ul style="list-style-type: none"> <li><input type="checkbox"/> Pwogram sa a itilize eleman kouran odisyon (gade seksyon 3 an pou detay)</li> </ul> <p><b>Dat Odisyon pou 2018-2019:</b> (<i>Enskri pou odisyon nan men konseye lekòl ou a</i>)</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>▪ Samdi 3 novanm 2018 a 10am</li> <li>▪ Dimanch 4 novanm 2018 a 10am</li> <li>▪ Samdi 17 novanm 2018 a 10am</li> <li>▪ Dimanch 18 novanm 2018 a 10am</li> </ul>	

<a href="#">Fiorello H. LaGuardia High School of Music &amp; Art and Performing Arts</a> ★   100 Amsterdam Avenue 10023	MANHATTAN
<b>Pwogram:</b> <a href="#">Mizik Vokal</a>   Paj anyè 353	PA GEN KÒD
<p><b>Sa pou prepare pou odisyon an:</b></p> <ul style="list-style-type: none"> <li><input type="checkbox"/> Pwogram sa a itilize eleman kouran odisyon (gade seksyon 3 an pou detay) ak demand sa yo:</li> <li><input type="checkbox"/> Aplikan yo dwe pare yon chante pou yo chante san akonpayman pou odisyon an. Mizik y ap chwazi a ka estil klasik oswa popilè.</li> <li><input type="checkbox"/> LaGuardia High School gen yon lis chante sou entènèt yo sigjere (<a href="http://www.laguardiahs.org">www.laguardiahs.org</a>). Aplikan yo pa oblige chwazi nan lis chante a.</li> </ul> <p><b>Sa w ap fè nan odisyon an:</b></p> <ul style="list-style-type: none"> <li><input type="checkbox"/> Chante yon chanson tou prepare san akonpayman.</li> <li><input type="checkbox"/> N ap mande elèv yo pou yo chante sekans melodi epi pou yo tape sekans rit mizik.</li> </ul> <p><i>Fiorello H. LaGuardia High School of Music &amp; Art and Performing Arts se yon lekòl segondè espesyalize. Enskri nan men konseye w la.</i></p>	
<a href="#">Professional Performing Arts High School (PPAS)</a> ★   328 West 48th Street 10036	MANHATTAN
<b>Pwogram:</b> <a href="#">Mizik Vokal Klasik</a>   Paj anyè 422	Kòd: M8IK
<p><b>Sa pou prepare pou odisyon an:</b></p> <ul style="list-style-type: none"> <li><input type="checkbox"/> Pwogram sa a itilize eleman kouran odisyon (gade seksyon 3 an pou detay) ak demand sa yo:</li> <li><input type="checkbox"/> Seleksyon klasik pou eleman odisyon sou chwa mizik ou memorize a, ou ka jwenn li, paegzanp nan Twenty-Four Italian Songs and Arias (Schirmer's) ak nan The Art Song Anthology (Hal Leonard). (NYCDOE pa andose okenn koleksyon chanson anpatikilye. Nou bay egzanp magazen espesifik yo pou rezon enfòmasyon sèlman.)</li> </ul> <p><b>Sa w ap fè nan odisyon an:</b></p> <ul style="list-style-type: none"> <li><input type="checkbox"/> Prezante yon seleksyon mizik klasik ou memorize. Chanson an dwe montre ladrès ak kapasite vokal. Pa prezante mizik rock, pop, evanjelik, country, mizik teyatral, Disney, oswa mizik kontanporen.</li> <li><input type="checkbox"/> Elèv yo dwe pote patisyon pou chanson w lan; n ap bay yon akonpayatè.</li> <li><input type="checkbox"/> Y ap evalye pwodiksyon vokal (kapasite pou chante gam, chante yon capella, elatriye)</li> </ul> <p><b>Dat Odisyon pou 2018-2019:</b> (<i>Enskripsyon pa obligatwa pou odisyon</i>)</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>▪ Manhattan, Bronx &amp; Staten Island: Siyati A-L, Samdi 27 oktòb 2018 a 8am</li> <li>▪ Manhattan, Bronx &amp; Staten Island: Siyati M-Z, Samdi 27 oktòb 2018 a 12pm</li> <li>▪ Brooklyn &amp; Queens: Siyati A-L, Samdi 3 novanm 2018 a 8am</li> <li>▪ Brooklyn &amp; Queens: Siyati M-Z, Samdi 3 novanm 2018 a 12pm</li> </ul>	
<a href="#">Special Music School</a> ★   122 Amsterdam Avenue 10023	MANHATTAN
<b>Pwogram:</b> <a href="#">Vwa, Enstriman ak Konpozisyon</a>   Paj anyè 430	Kòd: A85A
<p><b>Sa pou prepare pou odisyon an:</b></p> <ul style="list-style-type: none"> <li><input type="checkbox"/> Pwogram sa a itilize eleman kouran odisyon (gade seksyon 3 an pou detay) ak demand sa yo:</li> </ul> <p><b>Sa w ap fè nan odisyon an:</b></p> <ul style="list-style-type: none"> <li><input type="checkbox"/> Pèfòmans odisyon, atelyetrayav sou enpwovizasyon, dyagnostik teyori, lekti enpwovize, ak dirabilte enstriman.</li> </ul> <p><b>Dat Odisyon pou 2018-2019:</b> (<i>Enskri pou odisyon sou <a href="http://www.kaufmanmusiccenter.org/sms">www.kaufmanmusiccenter.org/sms</a></i>)</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>▪ Madi 6 novanm 2018 a 9am</li> <li>▪ Mèkredi 7 novanm 2018 a 4:30pm</li> <li>▪ Lendi 12 novanm 2018 a 4:30pm</li> <li>▪ Madi 13 novanm 2018 a 4:30pm</li> <li>▪ Mèkredi 14 novanm 2018 a 4:30pm</li> </ul>	



<a href="#">Talent Unlimited High School</a> ★   317 East 67th Street 10065	MANHATTAN
<b>Pwogram:</b> <a href="#">Mizik Vokal: Klasik ak Kontanporè</a>   Paj anyè 434	Kòd: M42K
<p><b>Sa pou prepare pou odisyon an:</b></p> <ul style="list-style-type: none"> <li><input type="checkbox"/> Pwogram sa a itilize eleman kouran odisyon (gade seksyon 3 an pou detay) ak demand sa yo:</li> </ul> <p><b>Sa w ap fè nan odisyon an:</b></p> <ul style="list-style-type: none"> <li><input type="checkbox"/> Vini prepare pou chante apati memwa, nan yon kle mwayen, (A) “Amazing Grace,” “Over the Rainbow,” “Silent Night,” oswa “The Star Spangled Banner;” OSWA (B) yon seleksyon klasik oswa teyat mizikal.</li> <li><input type="checkbox"/> Pou seleksyon klasik oswa teyat mizikal la aplikan yo dwe pote patisyon an nan kle yo pral chante a.</li> <li><input type="checkbox"/> Aplikan yo dwe chante avèk akonpayatè yo bay la.</li> <li><input type="checkbox"/> Aplikan yo ta dwe kapab demontre ni vwa grav (chèt) ni vwa egi (head) (epi y ap mande yo pou yo repete ekspresyon vokal pou yo ka demontre rit, memwa ton ak teknik vokal debaz. Y ap konsidere anpil kapasite pou resevwa kòmand.</li> </ul> <p><b>Dat Odisyon pou 2018-2019:</b> (<i>Enskri pou odisyon sou sitwèb lekòl nou an</i>)</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>▪ Samdi 3 novanm 2018 a 9am</li> <li>▪ Samdi 3 novanm 2018 a 10am</li> <li>▪ Samdi 3 novanm 2018 a 11am</li> <li>▪ Samdi 3 novanm 2018 a 12pm</li> <li>▪ Madi 6 novanm 2018 a 9am</li> <li>▪ Madi 6 novanm 2018 a 9am</li> <li>▪ Madi 6 novanm 2018 a 10am</li> <li>▪ Madi 6 novanm 2018 a 11am</li> <li>▪ Madi 6 novanm 2018 a 1pm</li> <li>▪ Madi 6 novanm 2018 a 2pm</li> <li>▪ Madi 6 novanm 2018 a 3pm</li> <li>▪ Vandredi 9 novanm 2018 a 4pm</li> <li>▪ Vandredi 9 novanm 2018 a 5pm</li> <li>▪ Vandredi 9 novanm 2018 a 6pm</li> <li>▪ Vandredi 9 novanm 2018 a 7pm</li> </ul>	
<a href="#">Wadleigh Secondary School for the Performing &amp; Visual Arts</a> ★   215 West 114th St. 10026	MANHATTAN
<b>Pwogram:</b> <a href="#">Mizik Vokal</a>   Paj anyè 456	Kòd: M26R
<p><b>Sa pou prepare pou odisyon an:</b></p> <ul style="list-style-type: none"> <li><input type="checkbox"/> Pwogram sa a itilize eleman kouran odisyon (gade seksyon 3 an pou detay) ak demand sa yo:</li> </ul> <p><b>Sa w ap fè nan odisyon an:</b></p> <ul style="list-style-type: none"> <li><input type="checkbox"/> Pèfòme de seleksyon kontras apati memwa (acapella).</li> <li><input type="checkbox"/> Prepare w pou vokalize ak enpwovize.</li> </ul> <p><b>Dat Odisyon pou 2018-2019:</b> (<i>Enskripsyon pa obligatwa pou odisyon</i>)</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>▪ Jedi 8 novanm 2018 a 4:30pm</li> <li>▪ Samdi 10 novanm 2018 a 11:30am</li> <li>▪ Jedi 15 novanm 2018 a 4:30pm</li> <li>▪ Samdi 17 novanm 2018 a 11:30am</li> <li>▪ Jedi 29 novanm 2018 a 4:30pm</li> <li>▪ Vandredi 30 novanm 2018 a 4:30pm</li> <li>▪ Samdi 1ye desanm 2018 a 11:30am</li> </ul>	

Gid odisyon pou admisyon nan lekòl segondè Vil Nouyòk 2018-19 – Mizik Vokal

<a href="#">Bayside High School</a> ★   32-24 Corporal Kennedy Street, Bayside   11361	QUEENS
<b>Pwogram:</b> <a href="#">Pèfòmans &amp; Pwodiksyon</a>   Paj anyè 479	Kòd: Q12B
<p><b>Sa pou prepare pou odisyon an:</b></p> <ul style="list-style-type: none"> <li><input type="checkbox"/> Pwogram sa a gen eleman kouran odisyon (gade seksyon 3 pou detay) ak demand sa yo tou:</li> </ul> <p><b>Sa w ap fè nan odisyon an:</b></p> <ul style="list-style-type: none"> <li><input type="checkbox"/> Chante yon seleksyon mizik ou te prepare nan nenpòt estil.</li> <li><input type="checkbox"/> N ap ankouraje elèv debitan vin nan odisyon pou pran yon tès pou detèmine aptitud yo nan mizik, epitou pou yon entèvyou.</li> </ul> <p><b>Dat Odisyon pou 2018-2019:</b> (Enskripsyon <u>pa</u> obligatwa pou odisyon)</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>▪ Samdi 15 desanm 2018 a 9am</li> <li>▪ Samdi 5 janvyè 2019 a 9am</li> </ul>	
<a href="#">Forest Hills High School</a> ★   67-01 110th Street, Forest Hills   11375	QUEENS
<b>Pwogram:</b> <a href="#">Academy of Instrumental and Vocal Music</a>   Paj anyè 499	Kòd: Q19P
<p><b>Sa pou prepare pou odisyon an:</b></p> <ul style="list-style-type: none"> <li><input type="checkbox"/> Pwogram sa a gen eleman kouran odisyon (gade seksyon 3 pou detay) ak demand sa yo tou:</li> </ul> <p><b>Sa w ap fè nan odisyon an:</b></p> <ul style="list-style-type: none"> <li><input type="checkbox"/> Pèfòme yon moso vokal ou prepare.</li> <li><input type="checkbox"/> Bay patisyon pou pyanis lan.</li> <li><input type="checkbox"/> Odisyon an gen ladan travay mizik sou plas (ki ka genyen chante sekans melodi, tape sekans ritmik, jwe gam seleksyone oswa fini yon lekti enpwovize, travay teyori mizik oswa enpwovizasyon).</li> </ul> <p><b>Dat Odisyon pou 2018-2019:</b> (Enskripsyon <u>pa</u> obligatwa pou odisyon)</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>▪ Siyati A-L, mèkredi 7 novanm 2018 a 4pm</li> <li>▪ Siyati M-Z, lendi 12 novanm 2018 4pm</li> <li>▪ Ratrapaj, jedi 15 novanm 2018 4pm</li> </ul>	
<a href="#">Frank Sinatra School of the Arts High School</a>   35-12 35th Avenue, Astoria   11106	QUEENS
<b>Pwogram:</b> <a href="#">Mizik Vokal</a>   Paj anyè 504	Kòd: Q40L
<p><b>Sa w ap fè nan odisyon an:</b></p> <ul style="list-style-type: none"> <li><input type="checkbox"/> Chante "Star Spangled Banner" (n ap bay elèv la akonpayman) ak yon minit yon pyès klasik oswa yon pyès teyat mizikal regilye.</li> <li><input type="checkbox"/> Pote fèy patisyon mizik w ap jwe a.</li> </ul> <p><b>Dat Odisyon pou 2018-2019:</b> (Enskripsyon <u>pa</u> obligatwa pou odisyon)</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>▪ Queens; Siyati A-M, Samdi 3 novanm 2018 a 7:30am</li> <li>▪ Queens; Siyati N-Z, Dimanch 4 novanm 2018 a 7:30am</li> <li>▪ Tout vil la; Siyati A-M, Samdi 17 novanm 2018 a 7:30am</li> <li>▪ Tout vil la; Siyati N-Z, Dimanch 18 novanm 2018 a 7:30am</li> <li>▪ Ratrapaj, Samdi 1ye desanm 2018 a 7:30am</li> <li>▪ Ratrapaj, Dimanch 2 desanm 2018 a 7:30am</li> </ul>	
<a href="#">Susan E. Wagner High School</a>   1200 Manor Road   10314	STATEN ISLAND
<b>Pwogram:</b> <a href="#">Mizik</a>   Paj anyè 601	Kòd: R17G
<p><b>Sa pou prepare pou odisyon an:</b></p> <ul style="list-style-type: none"> <li><input type="checkbox"/> Chwazi nan materyèl yo egzije ou jwenn sou sitwèb Wagner a: <a href="http://www.wagnerhigh.net">www.wagnerhigh.net</a>.</li> </ul> <p><b>Sa w ap fè nan odisyon an:</b></p> <ul style="list-style-type: none"> <li><input type="checkbox"/> Pèfòme yon odisyon vokal kout ki gen materyèl yo egzije yo.</li> </ul> <p><b>Dat Odisyon pou 2018-2019:</b> (Enskri pou odisyon nan men konseye lekòl ou a)</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>▪ Jedì 3 janvyè 2019 a 2:45pm</li> <li>▪ Madi 8 janvyè 2019 a 2:45pm</li> <li>▪ Mèkredi 9 janvyè 2019 a 2:45pm</li> </ul>	

## Seksyon 6- Orè Odisyon Pèsonèl ou

Kreye orè odisyon pèsonèl ou lè w mete pwogram lekòl segondè ki enterese w, ekri dat/lè odisyon an ak tcheke si enskripsyon obligatwa.

Pwogram/Lekòl Odisyon m:	Dat/Lè Odisyon:	Enskripsyon Obligatwa?
1. _____	_____	<input type="checkbox"/>
2. _____	_____	<input type="checkbox"/>
3. _____	_____	<input type="checkbox"/>
4. _____	_____	<input type="checkbox"/>
5. _____	_____	<input type="checkbox"/>
6. _____	_____	<input type="checkbox"/>
7. _____	_____	<input type="checkbox"/>
8. _____	_____	<input type="checkbox"/>
9. _____	_____	<input type="checkbox"/>
10. _____	_____	<input type="checkbox"/>
11. _____	_____	<input type="checkbox"/>
12. _____	_____	<input type="checkbox"/>
13. _____	_____	<input type="checkbox"/>
14. _____	_____	<input type="checkbox"/>
15. _____	_____	<input type="checkbox"/>
16. _____	_____	<input type="checkbox"/>
17. _____	_____	<input type="checkbox"/>
18. _____	_____	<input type="checkbox"/>
19. _____	_____	<input type="checkbox"/>
20. _____	_____	<input type="checkbox"/>